

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION  
SCIENCE–GRADE 8  
INTERMEDIATE–LEVEL  
WRITTEN TEST

**NIVO ENTÈMEDYÈ**

**EGZAMEN SYANS**

**EGZAMEN EKRI**

ME 2006

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Egzamen sa a ap evalye konesans ou an syans. Egzamen sa a gen de pati. Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Pati Ia gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de 2 sou fèy repons lan.

Pati IIa gen 28 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**



## Pati I

### ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 jiska 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a.

Li egzanp ki la a:

**Egzanp**

Latè resevwa pifò pati nan limyè l nan

- (1) etwal yo
- (2) Solèy la
- (3) Lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **Solèy la**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon nan Pati I menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.

Ou kab sèvi ak yon kalkilatri, si w ta bezwen youn.

Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan Pati I.

Lè w ta fini Pati I, al nan Pati II toudwat. Reponn tout kesyon ki nan Pati II.

## Part I

1 Jèn krapo pa sanble ak krapo granmoun. Ki non yo bay modèl devlopman sa a nan krapo yo?

- (1) repwodiksyon aseksye
- (2) Klonaj
- (3) metamòfis
- (4) adaptasyon byolojik

2 Foto ak mouvman yo ki anba a montre deplasman aparant etwal yo ozalantou Etwal Nò a pandan inèdetan.



Sous: Foto sòti nan Obsèvatwa Vèkès


Mouvman etwal sa yo kapab pi byen eksplike pa

- (1) wotasyon Latè sou aks li
- (2) aks Latè ki panche
- (3) revolisyon Latè ozalantou Etwal Nò a
- (4) distans Latè ki chanje parapò ak Etwal Nò a

3 Anplis oksijèn, ki gaz sa yo ou jwen an pi gran pousantaj nan atmosfè Latè?

- (1) idwojèn, elyòm, ak vapè dlo
- (2) idwojèn, metann, ak ozonn
- (3) diyoksid kabòn, vapè dlo, ak nitwojèn
- (4) diyoksid kabòn, metann, ak elyòm

4 Dyagram anba a montre yon metòd pou detèmine pwopriyete fizik yon mineral. Yo montre rezilta yo pou de mineral, galèn ak kalsit.



Ki pwopriyete galèn ak kalsit koulè poud chak fey?

- (1) kase
- (2) dite
- (3) reyaksyon ak yon asid
- (4) reyaksyon a yon solvan


5 Yo grese wou ak vitès yon machin pou *diminye*

- (1) enèji potansyèl
- (2) efikasite
- (3) ranman
- (4) friksyon

6 Previzyon ki fèt pou tanperati a pi vre kounye a pase lontan akòz

- (1) rechofman planèt la
- (2) kontwòl kalite lè a
- (3) plak tektonik
- (4) itilizasyon imaj ki sòti nan lesplas


7 Dyagram anba a montre kouch wòch ki panche oubyen manke mòso. Liy ti pwen yo reprezante pati ki manke nan kouch wòch yo.



Ki pwosesis ki pi kapab responsab pati ki manke yo sòti nan kouch wòch yo?

- (1) ewozyon
- (2) depozisyon
- (3) tranblemanntè
- (4) malfèt

Sèvi ak koup transvèsal anba a ki montre yon montre yon egzanp anndan Latè pou reponn kesyon 8 ak 9 yo.



(Pa desinen ak echèl)

8 Ki enfòmasyon syantis yo etidye pou devlope modèl sa a?

- (1) anrejistreman onn tranblemanntè yo
- (2) kote dènye aktivite vòlkan fèt
- (3) echantiyon nwayo yo jwenn apre yo fouye fon lanmè
- (4) fosil yo jwenn nan wòch

9 Anpil syantis kwè mouvman kwout plak la fèt akòz selil konveksyon yo ki nan

- (1) kwout Latè
- (2) manto Latè
- (3) nwayo ekstèn Latè
- (4) nwayo entèn Latè

10 Yo klasifye wòch yo an wòch inye, metamòfik, oubyen sedimanntè dapre

- (1) koulè yo
- (2) jan yo fèt
- (3) jan yo fòme
- (4) mineral yo gen ladan l


11 Yo melanje ansanm nan yon goblè grenn sab ak poud fè ki gen menm gwosè epi menm koulè. Kisa ki ta pi bon metòd separasyon patikil yo?

- (1) Sèvi ak pens pou separe yo.
- (2) Sèvi ak leman pou separe yo.
- (3) Ajoute dlo nan melanj la.
- (4) Vide melanj la nan yon paswa.

12 Ki aksyon ki fòme yon sibstans chimik diferan?

- (1) kraze yon wòch
- (2) boule yon mòso bwa
- (3) melanje sèl ak pwav
- (4) fonn mòso glas


13 Dyagram anba a montre estrikti jeyometrik yon molekil dlo (H<sub>2</sub>O).



Kisa senbòl ak reprezante nan modèl la?

- (1) materyèl jenetik
- (2) lyezòn chimik
- (3) selil yo
- (4) atom

Sèvi ak kat tanperati anba a ki montre yon sistèm presyon ba nòminal sou yon pati nan Amerikdinò an Me pou reponn kesyon 14 ak 15 yo. Chif yo nan kat ka bay tanperati lè a an degre Farenmayit.



14 Fwon yo montre nan kat tanperati a pi byen dekri tankou

- (1) fwontyè ant mas lè ki pa menm
- (2) fwontyè ant mas van ki pa menm
- (3) zòn ki gen syèl klè ak van leje
- (4) zòn ki gen yon tanperati ak lè ki cho anpil

15 Senbòl (----->) nan kat la dekri pi byen

- (1) direksyon mouvman loraj kapab pran pandan pwochen 12 zèdtan yo
- (2) kouran oseyan yo pouse sistèm loraj la nan Lès
- (3) kouran konveksyon yo ak sistèm loraj la
- (4) kote sistèm loraj la kòmanse

16 Tablo enfòmasyon anba a montre mass yon blòk glas 800 gram pandan l ap fonn pou vin tounen yon blòk glas 600 gram.


**Tablo Enfòmasyon**

Lè (minit)	Mas Blòk Glas (gram)
0	800
15	750
30	700
45	650
60	600

Si vitès l ap fonn nan kontinye menm jan, konbyen minit an plis ki kapab bezwen pou 600 gram blòk glas la desan a 400 gram?

- (1) 15 (3) 45  
 (2) 30 (4) 60


17 Dyagram anba a montre yon pwosesis natirèl ki deteryore wòch.




Ki deklarasyon ki pi byen dekri poukisa pwosesis la lakòz deteryorasyon?

- (1) Dlo jele aji tankou solite.  
 (2) Dlo vin pi plis lè li jele.  
 (3) Mas dlo ogmante lè li jele.  
 (4) Dlo jele fonn pi fò kalite wòch.

18 Ki graf ki montre yon matyè ka gen plis gram ki fonn pandan tanperati dlo a ap ogmante?




19 Lèt A, B, C, yo ak D reprezante zòn nan yon ba leman.



Ki zòn ki gen pi plis fòs mayetik?

- (1) A (3) C  
 (2) B (4) D

20 Dyagram anba a reprezante plizyè fòm enèji elektwomayetik.




Ki desen ki pi byen fè distenksyon ant yon fòm enèji elektwomayetik ak yon lòt?

- (1) koulè
- (2) onn
- (3) tanperati sifas
- (4) distans li ale

21 Ki enstriman ki kapab itilize pou mezire volim yon solid ki gen fòm ki pa regilye?




(1)



(2)




(3)



(4)




22 Desen anba a montre kat bèt.



Vè



Zarenyen



Chat







Krab

(Pa desinen ak echèl)


Kisa kat bèt sa yo genyen ki menm?

- (1) Yo fè pitit san yo pa fè sèks.
- (2) Yo fèt ak selil.
- (3) Yo gen menm mwayen dep lasman.
- (4) Yo gen menm estrikti entèn.

23 Nan moun yon ze fèt ilize gen 46 kwomozòm. Ki graf ba ki pi byen dekri kantite kwomozòm ki gen nan yon espèm ak yon ze anvan yo rankontre pou tounen yon ze fèt ilize?



24 Dyagram anba a reprezante yon òganis ak yon selil yo wè nan mikwoskòp. Yo defini kat estrikti selil.



Ki deklarasyon sou estrikti yo defini yo ki kòrèk?

- (1) Yo kapab wè yo nòmalmman san yo pa bezwen yon loup
- (2) Yo kapab viv deyò selil la.
- (3) Yo ede kenbe lavi nan selil la.
- (4) Yo lakòz maladi nan selil la.


25 Lontan, Endyen Ameriken yo te konn antere pwason mouri ak grenn mayi. Yo te sèvi ak teknik sa a akòz pwason mouri ki dekonpoze kapab

- (1) bay fimye pou pye mayi k ap grandi a
- (2) elimine move zèb ozalantou pye mayi a
- (3) pwodwi oksijèn pou pye mayi a itilize
- (4) bay tout dlo pye mayi a bezwen

26 Malgre chanjman yo nan yon espès dabitid pran milyon ane, kèk espès bakteri sibi gwo chanjman nan kèk ane. Yon rezon ki eksplike diferans sa a se paske bakteri sa yo

- (1) mikwoskopik
- (2) pa gen ADN
- (3) repwodwi byen vit
- (4) lakòz maladi enfektyez

27 Dyagram anba a montre yon senp mikwoskòp. Yo nonmen kat pati mikwoskòp la A, B, C, ak D.



Ki pati mikwoskòp la yo sèvi pou lè imaj bagay y ap montre a sou lamèl la pi klè la?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |


28 Ant ki de òganis konpetisyon pi kapab fèt?

- (1) sèf ak papiyon yo
- (2) chwèt ak bakteri yo
- (3) pwason jòn ak lapen yo
- (4) gazon ak pye frèz yo

29 Anpil selil gen nikleyi ki gen kwomozòm. Kwomozòm sa yo gen jèm ki fòm ak

- (1) òmòn
- (2) molekil ADN
- (3) mineral ak dlo
- (4) molekil manje ki pa dijere

30 Dyagram anba a montre bra yon moun ki pliye nan koud la.




Ki de sistèm kò a ki pi dirèkteman lakòz bra a pliye?

- (1) eskeletik ak miskilè
- (2) repwodiktif ak andokrin
- (3) respiratwa ak ekskretwa
- (4) nève ak dijestif

31 Desen anba a swiv devlopman chyen kògi a pandan plizyè jenerasyon tankou yon rezilta aktivite moun.


**Devlopman Chyen ki rele Kògi a**



Se yon egzanp aktivite imen ki rele

- (1) mitasyonn
- (2) jeni jenetik
- (3) repwodiksyon selektif
- (4) seleksyon natirèl


32 Graf anba a montre kantite espès yo konnen nan senk wayòm bagay ki vivan yo.



Dapre graf la, ki wayòm ki gen prèske de fwa kantite espès yo konnen Wayòm Pwotista genyen?

- (1) Animalia
- (2) Plantae
- (3) Fungi
- (4) Monera

33 Dyagram anba a montre twa jenerasyon divizyon selil.



Konbyen selil ki ta dwe egzizte nan katriyèm jenerasyon an?

- (1) 10
- (2) 8
- (3) 6
- (4) 4

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 34 jiska 36. Dyagram nan montre yon modèl ereditè moun.

	A	A
a	Aa	Aa
a	Aa	Aa

**Kle**

A = devan tèt dwat (domine)  
a = devan tèt chankre (resesif)

34 Kisa modèl sa a yo sèvi a montre?

- (1) posiblité pou fè jimo
- (2) pwobablité pou pran yon trè
- (3) to mitasyon
- (4) pwodiksyon selil sèks yo

35 Ki konstitisyon jenetik paran yo?

- (1) AA ak aa
- (2) Aa ak Aa
- (3) AA ak AA
- (4) aa ak aa

36 Poukisa moun Aa yo ap gen yon devan tèt dwat olye yon devan tèt chankre?

- (1) Se fi sèlman ki gen devan tèt chankre.
- (2) Devan tèt chankre a se yon mitasyon.
- (3) Devan tèt dwat la resesif.
- (4) Devan tèt dwat la dominan.

**Remake kesyon 37 gen sèlman twa chwa.**

37 Kèk mikwoòganis bay maladi moun ka genyen. Yo itilize lòt mokwoòganis pou fè fwomaj, yog-out, ak pen. Dapre enfòmasyon sa a, relasyon ant moun ak mikwoòganis kapab

- (1) gen avantaj sèlman
- (2) danjere sèlman
- (3) gen avantaj oubyen danjere

38 Dyagram anba a montre estrikti tèt kat zwazo diferan.



Fokon



Zwazo mouch



Kolibri



Kana sovaj

(Pa desinen ak echèl)

Bèk zwazo yo montre kòman zwazo yo

- (1) al dèyè menm manje nan kominote yo
- (2) mande kantite manje diferan pou yo viv
- (3) sere manje pou mwa ivè yo
- (4) adapte pou jwenn manje diferan kote

39 Ki rezilta respirasyon selilè?

- (1) Bay enèji pou pwosesis selil yo.
- (2) Lage oksijèn pou fotosentèz.
- (3) Selil yo dekonpoze.
- (4) eliminasyon eleman nitritif yo pou anpeche grès rete nan kò a.


40 Kòman dekonpozè yo jwenn manje yo

- (1) chase epi touye jibye pou manje
- (2) fè diyoksid kabòn ak dlo tounen manje
- (3) absòbe manje nan òganis ki mouri yo
- (4) pwodwi manje apati oksijèn ak limyè solèy

41 Bagay ki vivan klase kòm pwodiktè oubyen konsomatè dapre

- (1) vitès mouvman yo
- (2) gwosè kominote yo
- (3) kòman yo jwenn manje
- (4) kòman yo repwodwi


42 Dyagram anba yo montre chanjman nan yon kominote natirèl sou yon peryòd 200 zan.



Ki pwosesis dyagram yo montre?

- (1) rediksyon ozonn nan
- (2) rechofman planèt la
- (3) resiklaj resous yo
- (4) siksesyon ekolojik

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konsepsyon ou nan syans pou reponn kesyon 43 ak 44 yo. Dyagram nan montre kat etap nan devlopman yon moun apre fètilizasyon.



43 Ant etap A ak D, ki pwosedi ki dwe pase?

- (1) mitasyon
- (2) repwodiksyon seksyèl
- (3) divizyon selil
- (4) ekstenksyon

44 Ki sekans devlopman ki kòrèk?

- (1) ze fètilize → tisi yo → sistèm ògan yo → ògan yo
- (2) ze fètilize → sistèm ògan yo → ògan yo → tisi yo
- (3) ze fètilize → ògan yo → tisi yo → sistèm ògan yo
- (4) ze fètilize → tisi yo → ògan yo → sistèm ògan yo

45 Yon elèv te vle etidye kantite limon ki parèt sou yon pitza nan diferan tanperati. Nan eksperyans la elèv la ranje kat plato pitza ki sanble. Chak plato gen menm kantite pitza. Nan tablo enfòmasyon anba a yo montre kondisyon tanperati ak ekleraj yo.

**Tablo Enfòmasyon**

Varyab	Kaswòl 1	Kaswòl 2	Kaswòl 3	Kaswòl 4
Tanperati	-10°C	0°C	15°C	30°C
Kondisyon ekleraj	Kenbe nan nwa	Kenbe nan limyè klere	Kenbe nan nwa	Kenbe nan limyè klere

Yon erè ki te pase nan monte eksperyans la sete kat plato pitza yo

- (1) te gen tanperati diferan
- (2) te gen diferan gwosè
- (3) te gen engredyan diferan
- (4) te resevwa kantite limyè diferan

## Pati II

*Eksplikasyon* (46—73): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 46 ak 47 yo. Tablo a montre kote tanpèt Betsy ye bò 1:00 dimaten plizyè dat nan lane 1965.


### Kote Tanpèt Betsy ye 29 Out–10 Sektanm, 1965

Dat	Ki kote vè 1:00 a.m.	
	Latitud	Lonjitid
Out 29	17° N	63° W
30	22° N	65° W
31	23° N	66° W
Sektanm 1	22° N	67° W
2	23° N	69° W
3	25° N	72° W
4	27° N	75° W
5	29° N	75° W
6	28° N	76° W
7	26° N	77° W
8	25° N	80° W
9	26° N	85° W
10	30° N	91° W

— adapte apati The Weather Underground, Inc., “Weather Underground: 1965 Hurricane Archive,” [http://wunderground.com/hurricane/at\\_1965.asp\(9/27/02\)](http://wunderground.com/hurricane/at_1965.asp(9/27/02))

- 46 Yo desinen pozisyon yo sòti 29 Out pou rive 5 Sektanm nan kat pou swiv tanpèt la nan paj 15. Swiv direksyon anba a pou desinen rès senk zòn ki montre kote tanpèt Betsy ye nan tablo enfòmasyon an.
- a Mete yon **X** pou chak zòn ki rete yo kote tanpèt Betsy ye sòti 6 pou rive 10 Sektanm. [1]
  - b Mete bon dat la sou chak **X**. [1]
  - c Kole **X** yo ansanm pandan w ap sèvi ak liy dwat pou montre wout tanpèt Betsy ap swiv. [1]

## Hurricane Tracking Chart



Sous: Adapte apati The Weather Underground, Inc., "Weather Underground: 1965 Hurricane Archive," <http://wunderground.com/Hurricane/at196503.asp> (9/27/02)

47 Biwo meteyologik Etazini pase avètisman avan tanpèt Betsy te rive. Bay de prekosyon biwo meteyologik Etazini te plis kapab konseye moun kap viv bò lakòt yo pou yo te ka prepare pou tanpèt Betsy. [2]

(1) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


(2) \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

48 Yon etidyan ekri nòt sa yo nan kanè laboratwa li:

5/5/2005

N ap fè yon eksperyans pou wè si gwosè grenn tè yo aji sou kantite dlo ki pase nan tè. Nou te vide 100 milimèt (mL) dlo nan kat kalite tè diferan. Yo montre ekipman yo anba a.



Nou te jwenn rezilta sa yo: Ak tè gri, gwosè mwayen patikil la te 2.0 milimèt (mm) epi 80 mL dlo pase ladan l. Apre nou te itilize tè mawon klè. Gwosè mwayen patikil la te 0.5 mm epi 40 mL dlo pase ladan l. Ak tè mawon an, 60 mL dlo pase ladan l. Tè mawon an gen yon gwosè patikil mwayen 1.5 mm. Nan dènye eseyaj nou an nou itilize tè nwa. Li gen yon gwosè patikil mwayen 1.0 mm epi 50 mL dlo pase ladan l.

a Sèvi ak tablo enfòmasyon anba a, ranje rezilta yo pou montre gwosè mwayen patikil la ak kantite dlo ki pase ladan l pou chak kalite tè. Asire w ou mete tit kolòn yo, enfòmasyon, inite yo nan tablo a. [3]

**Tablo Enfòmasyon**

<b>Koulè tè</b>		
gri		
mawon		
nwa		
Mawon klè		



b Ki varyab depandan (reponn) ki nan eksperyans sa a? [1]

---


c Ki konklizyon ki kapab fèt apati enfòmasyon etidyan yo rasanble a? [1]

---

---

---

Sèvi ak kat an koub anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 49 jiska 51. Kat la montre yon pati nan yon zile. Altitud yo montre nan zile a an mètr (m).



49 Ki altitud pwèn X ? [1]

\_\_\_\_\_ **m**

50 Eksplike kòman liy an koub yo montre sou kat la kapab sèvi pou montre ki kote nan zile a ki gen pant rèd. [1]


---

---

---

51 Nan kat anwo a, nwasi tout kote nan zile a ki ta kapab anba dlo si nivo lamé a te monte 40 mètr. [1]

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konsepsyon ou nan syans pou reponn kesyon 52 ak 53 yo. Dyagram nan montre yon moun k ap obsève yon loraj ki nan plizyè kilomèt. Moun nan tande loraj la plizyè segond apre li wè zeklè a.



52 Idantifye yon fòm enèji, apa limyè ak son ki toujou la pandan yon loraj. [1]

---

53 Eksplike kòman son travèse nan lè a pou obsèvatè a. [1]

---



---




---



---

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 54 jiska 56 . Dyagram anba a montre Solèy la, Latè ak Lalin jan yo wè yo apati yon kote nan lespas lwen anlè tèt Pòl Nò Latè. Kote ki sonb yo reprezante fènwa. Pwen X reprezante yon zòn sou sifas Latè.



(Pa desinen ak echèl)

54 Apati Latè, yon obsèvatè kapab wè faz Lalin yo toutan.

a Antoure faz Lalin nan yon obsèvatè nan zòn X kapab wè lè Solèy la, Latè ak Lalin lan nan pozisyon yo montre nan dyagram anwo a. Pa gen eklips nan tan sa a. [1]



b Apeprè konbyen tan li ta kapab pran jiskaske Lalin nan nan faz sa a ankò? [1]

\_\_\_\_\_


55 Idantifye *yon* fòs ki kenbe Latè nan òbit ozalantou Solèy la. [1]

\_\_\_\_\_

56 Konbyen tan li pran Latè pou fè yon revolisyon ozalantou Solèy la? [1]

\_\_\_\_\_

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 57 ak 58 yo. Dyagram nan montre yon seri materyèl yon mèt itilize pou montre mouvman. Elastik la te detire ak yon kòd ki te mare nan yon klou. Yon pwa te sou platfòm nan. Platfòm nan chita sou plizyè kreyon an won ki sou yon tab.



Sous: Adapte apati, Constantine Constant, *Earth Science Workbook*, AMSCO, 1972


- 57 Nan dyagram anwo a, desinen yon flèch ki reprezante direksyon **platfòm an bwa** ap deplase lè alimèt ki limen an boule kòd la epi pwa a kite platfòm nan. [1]
- 58 Tablo anba a bay kat chanjman materyèl yo nan dyagram nan. Eske chanjman yo ap lakòz distans platfòm bwa a deplase a diminye, ogmante oubyen rete menm? Pou chak chanjman nan kolòn agòch la, antoure repons ou nan kolòn adwat la. [3]

Changman Nan Materyèl Yo	Reyaction Changman Sa Kapab Genyen Sou Distous Platfòm An Bwa A Deplase
Fé kòd pou detire elastik la pi kout.	desann monte rete men m
Sèvi ak yon platfòm an bwa ki gen mas ki pi gro.	desann monte rete men m
Retire kreyon an anba platfòm an bwa a.	desann monte rete men m
Sèvi ak sizo pou koupe kòd la olye boule li ak alimèt..	desann monte rete men m

Sèvi ak enfòmasyon epi koup tranvèsal ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 59 ak 60.

### Isbèg

Mòso glas k ap flote sou dlo rele isbèg. Gwo bout glas tou pre lakòt kapab kase epi tonbe nan oseyan an, jan koup tranvèsal la montre l anba a. Se sèlman yon dizyèm sou total isbèg ki genyen ou ka wè sou sifas dlo a.



59 Eksplike poukisa yon isbèg flote sou oseyan an. [1]

---


---

60 Dekri *yon* chanjman ki ta kapab fèt nan anviwonman an si tout glasye yo sou Latè ta fonn. [1]

---

---


61 Dyagram anba a montre yon aktivite yon elèv ap fè nan klas li.



Fini ranpli tablo anba a pandan w ap idantifye *yon* chanjman faz ki fèt nan chak lokasyon. [2]

Pozisyon	Chanjman Faz Ap Fèt
Plato A	
Plato B	

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 62 jiska 64. Dyagram nan montre Solèy la ak yon plant vèt.



(Pa desinen ak echèl)

62 Identifye *yon* pati nan plant lan yo dekri ki lakòz fotosentèz. [1]

\_\_\_\_\_

63 Amplis limyè solèy ak klorofil, ki lòt de materyèl *yon* plant bezwen pou l fè fotosentèz [2]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

64 Bay *yon* pwodwi ki fèt akòk fotosentèz. [1]

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Sèvi ak chenn alimantè anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 65 jiska 67.

grenn → sòtrèl → krapo → koulèv → frize → bakteri

65 Kisa ki reprezante enèji kap pase nan chenn alimantè sa a? [1]

---

66 Ki òganis nan chèn alimantè a ki reskonsab pou resikle eleman nitritif yo? [1]

---

67 Bay *yon* resanblans nan fason koulèv yo ak krapo yo jwenn enèji. [1]

---


---



Sèvi ak tèks pou li a, ak dyagram ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 68 ak 69.

### Konsève nan Anm

Sèv se yon matyè kèk pye bwa bay. Plizyè lane anvan, plant yo ak ti bèt yo te kole nan sèv pye bwa yo. Sèv la vin di epi l tounen yon matyè klè yo rele anm. Plant yo oubyen bèt yo te konsève tankou fosil nan anm la. Yo montre anba a yon pati nan yon plant ki konsève nan anm.



68 Eksplike pou kisa fosil enpòtan pou syantis yo? [1]

---

---


69 Eksplike poukisa fosil plant yo jwenn nan anm, tankou sa yo montre la a, yo pa jwenn yo dabitid nan wòch vòlkanik. [1]

---


---

---

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 70 jiska 72. Dyagram nan reprezante yon ekosistèm.



70 Antoure senbòl anba a ki montre yon kominote nan modèl sa a. [1]



71 Ki sa ki sous enèji pou ekosistèm sa a? [1]

---


72 Si yo retire gazon an, montre kòman sa ap afekte lòt bagay k ap viv nan ekosistèm nan. [1]

---



---

73 Dyagram anba a montre yon òganis ki gen yon sel selil k ap repwodwi.



Sa a se yon egzanp repwodiksyon aseksyèl. Ki enfòmasyon nan dyagram nan ki sipòte deklarasyon sa a?  
[1]

---

---

---

---

**For Teacher Use Only**  
**Part II Credits**

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
46	3	
47	2	
48	5	
49	1	
50	1	
51	1	
52	1	
53	1	
54	2	
55	1	
56	1	
57	1	
58	3	
59	1	
60	1	
61	2	
62	1	
63	2	
64	1	
65	1	
66	1	
67	1	
68	1	
69	1	
70	1	
71	1	
72	1	
73	1	
<b>Total</b>	<b>40</b>	